


Nan pati sa a nan liv la, ou pral aprann konnen listwa dwa moun ak dwa timoun. . Ou pral jwenn bon jan enfòmasyon sou koze ledikasyon isit nan peyi Ayiti. Tout sa pandan w ap jwe ak fè lòt aktivite !



Mwen rele : _____

Mwen genyen _____ lane

Mwen nan klas : _____



M ap fè desen tèt mwen

Jwe pou aprann

Kèk tan apre, nan tan lantikite, te gen de moun tankou Aristote, yon grèk, oubyen Cicéron yon women ki reflechi epi ekri sou lide diyite ak respè a.

Nan kèk liv relijyon tou tankou labib oubyen koran, dwa moun yo la tou, li pase nan lide egalite ak respè lavi.

Lavi yon moun pa gen plis valè ke lavi yon lòt.

Soundiata Keita, yon gwo chasè yo rekonèt pou talan gèrye li, pou sajès ak tolerans li. Li te vin anperè peyi Mali nan lane 1235. Li te bay pawòl li l ap respekte dwa ki pi enpòtan pou chak grenn moun. Yo rele pawòl sa « modòd Manden oubyen sèman chasè yo ».


Anpi Mali te yon gwo teritwa nan Afrik pandan 13e syèk. Plizyè peyi afriken nou konnen jodi a te rantre nan teritwa sa a.



Teyo – Lavil mwen prale

Nan peyi Angletè pèp la vle limite pouvwa wa a . Nan lane 1689, wa a siyen yon kontra kote li pwomèt l ap respekte lwa yo menm jan ak tout moun. Kontra sa rele « Bill Of Rights »


Bill of Rights :
deklarasyon dwa
yo nan lang anglè



Nan peyi Etazini, yon koloni peyi Gran-Bretay, moun k ap viv la yo vle pou yo lib ak endepandan. Yo ekri deklarasyon lendepandans peyi Etazini nan lane 1776 ki di : « tout moun egal »

Tout moun ? Pa tout moun, paske nan tan sa yo te gen lesklavaj, e moun nwa yo ki te esklav pa t gen menm dwa ak blan yo.

Lesklavaj nwa yo dire anviwon 300 lane; Mond lan vin chanje pandan peryòd sa a. Peyi ewopeyen yo te vin rich. Lafrik te pèdi plis pase 11 milyon moun. Kontinan ameriken an ak zòn karayib la te kolonize, yo te eksplwate e yo te resevwa de popilasyon ki dieran. Nan sistèm esklavaj la, moun nwa yo te konsidere tankou de bagay yo te ka vann, achte, maltrete ou menm touye. Se premye nan listwa limanite gen yon kategori moun ki pa konsidere tankou moun akòz koulè po yo.



Mwen, Olympe de Gouges, m ap defann dwa fanm, mwen mande pou koze lesklavaj sou moun nwa sa a fini. Menm si yo ta rive arete m epi kondane m pou mwen mouri poutèt lide m yo, Mwen deklare tout fanm fèt lib epi yo gen menm dwa ak gason devan lalwa !


Nan lane 1789, nan peyi Lafrans, pèp la te reklame egalite pou tout moun epi yo fè yon revolisyon. Yo te ekri yon tèks pou fè sonje tout dwa enpòtan tout moun genyen depi lè yo fèt. Se Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen.



Nan lane 1789, Ayiti te yon koloni peyi Lafrans. Kolon yo pa t vle aplike deklarasyon an pou libere esklav yo. Bò kote pa esklav yo, yo pat janm dakò kondisyon yo, yo te toujou ap batay pou libète yo. Se rezon sa a ki fè yo te revòlte pou yo revandike dwa yo.

An nou fè yon sèl pou libète ! Lame endijèn yo ki te goumen ak sòlda fransè yo te gen gason men li te genyen anpil fanm vanyan tou.

Metè chak desen ak fanm vanyan ki ap pale a.



1 =



2 =



3 =



4 =

A

Mwen se Marie-Jeanne Lamartinière. M ap defann fò Krètapewo. Avèk zam mwen ak manchèt mwen, m ap goumen kòt a kòt ak mari m ak konpayèl batay mwen yo !

B

Mwen, Claire Heureuse, mwen pito bay kout men pou laswenyay moun ki blese yo. Mwen rete yon moun ki senp epi ki renmen bay, menm lè mwen te vin enperatris.

C

Tout moun konnen mwen ! Se mwen ki te koud premye drapo Ayiti a ! Mwen se Catherine Flon

D

Mwen, Henriette Saint-Marc, mwen se yon espyon. M ap volè zam ak enfòmasyon nan men blan fransè yo.

Jwe pou aprann

Bon, Ayiti gen lendepandans li, li lib ! Fondatè Nasyon sila deside ke peyi a pral yon kote pou tout moun k ap kouri pou lesklavaj ak pèsekisyon vini. Ayiti bay bourad ak tout pèp ki vle revandike dwa yo ak libète yo!

Bon, Ayiti gen lendepandans li, li lib ! Fondatè Nasyon sila deside ke peyi a pral yon kote pou tout moun k ap kouri pou lesklavaj ak pèsekisyon vini. Ayiti bay bourad ak tout pèp ki vle revandike dwa yo ak libète yo!

Nan lane 1817, 15 esklav kouri kite Jamayik, yo rive Tou Bonbon sou bato. Granmèsi lalwa ayisyen yo tou vini la pou la sitwayen Ayisyen lib. Pétion kouri dèyè moun ki te vin chèche yo a. Anpil esklav pran lanmè pou fè wout ki separe de peyi sa yo, yo te menm bay wout sa ti non « pasaj libète a ».



1939 : lage eklate an Ewòp. Diktatè k ap dirije peyi Lal-may la, Hitler, ap pèsikite yon pati nan popilasyon an, sitou sila yo ki jwif ak sila yo ki tzigàn.

Ayiti louvri frontyè li bay refijye jwif ki soti an Ewòp. Prezidan Sténio Vincent ba yo nasyonalite ayisyen. Paspò ayisyen an pèmèt yo kite peyi sa kote lavi yo te menase.

Nan lane 1937, ekriyen Dantès Bellegarde ak Jacques Roumain te leve kanpe pou konbat Hitler ak pakèt lide rasis li yo!

Aprè 2èm gè mondyal la, peyi yo deside mete sou pye yon tribinal spesyal k ap la pou jije zak malonèt ki fèt pandan lagè yo ak krim kont limanite. Ayiti se premye peyi ki siyen akò sila ki rele « Akò Lond ». Nan lane 1945, yo antann yo tou pou yo kreye yon òganizasyon entènasyonal k ap la pou kenbe lapè a. Se Òganizasyon Nasyonzini.



Jwe pou aprann

1948 se yon lane enpòtan pou dwa moun ! Mwen se Émile Saint-Lot, anbasadè ki reprezante Ayiti nan gwo rasanbleman Nasyonzini. Nou sòti nan kat kwen mond nan, nou reyini isit la pou nou ekri yon tèks ki enpòtan anpil ki se : Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun (DIDM). Se mwen ki gen lonè pou mwen li tèks sa devan nou tout. Mwen santi se yon moman ki pral make listwa !

DIDM se tèks ki gen plis enpòtans nan sa ki gen pou wè ak dwa moun. Chak ane, nan dat 10 desanm, nou fete li. Nan lane 1966, yo mete de tèks sou li. Ansanm, twa tèks sa yo pote non Modòd entènasyonal dwa moun.







Si ou gen mwens ke 18 lane, konvansyon an la pou ou epi l ap pwoteje dwa w !

Menm jan ak tout moun, yon timoun gen dwa. LETA plizyè peyi ekri yon tèks k ap pwoteje timoun yo pou yo grandi nan bon kondisyon. Se Konvansyon Entènasyonal Dwa Timoun yo (KEDT). Ayiti konfime ak rekonèt KEDT a, men gen anpil travay toujou ki pou fèt pou dwa timoun yo respekte.

Konfime ak Rekonèt : pwomèt lalwa konvansyon an ap respekte




Kisa yon timoun ye?
Kolorye kap ki di sa yon timoun ye.



Jwe pou aprann

Ledikasyon ede popilasyon an goumen ak lamizè ak move lavi, li ede yo defann dwa yo pi byen epi pou yo byen devlope peyi yo.



Rakonte premye jou lekòl ou.
Kisa ou ta renmen fè?

Ajoute elèv ki pou rive jis nan bakaloreya. Peyi nou an bezwen plis timoun ki gradye nan lekol segondè!

Baccalauréat



Lekòl pèmèt nou jwenn yon bon metye pou nou lib e libè.

Bon nouvèl : de jou an jou plis ti Ayisyen ale lekòl. Men pifò timoun ki ale lekòl yo gen anpil pwoblèm.

An Ayiti, anpil timoun nan yon klas ki pa pou laj yo, de fwa se paske yo ale lekòl apre yo fin genyen 6 lane, oubyen paske yo double klas. Sa kapab dekouraje yo epi fè yo kite lekòl. Se sitou ti fi yo ki sispann ale lekòl.

Pa gen anpil timoun ki rive desann bakaloreya. Sou 100 timoun ki ale lekòl, mwens pase 50 rive nan 6èm ane fondamantal, e mwens pase 8 rive nan Filo !

Konstitisyon Ayisyen an di, Leta gen pou misyon pou li garanti edikasyon timoun yo. Fòk Leta mete ase lekòl pou chak timoun jwenn yon plas. Yon lekòl piblik se yon lekòl kote Leta gentan peye tout bagay alavans.

Nan peyi Ayiti, anpil lekòl ap fonksyone nan move kondisyon ; yo pa gen bon dlo pou bwè, yo pa gen kouran, kèkfwamenm pwofesè yo paka touche pandan anpil tan. Tout bagay sa yo gen konsekans sou rezilta elèv yo.

Jwenn 8 mo ki kache kò yo pami lèt sa yo.

T	A	B	L	O	G	N
V	Y	K	A	Y	E	A
K	L	A	S	M	E	Q
L	A	K	R	È	U	L
G	E	A	N	G	Ò	M
K	R	E	Y	O	N	W
K	R	W	L	R	È	G

Tablo – kaye – klas – lakrè – kreyon – Règ – Gòm

Teyo – Lavil mwen prale

Konstitisyon Ayisyen an di, Leta gen pou misyon pou li garanti edikasyon timoun yo. Fòk Leta mete ase lekòl pou chak timoun jwenn yon plas. Yon lekòl piblik se yon lekòl kote Leta gentan peye tout bagay alavans.

Nan peyi Ayiti, anpil lekòl ap fonksyone nan move kondisyon ; yo pa gen bon dlo pou bwè, yo pa gen kouran, kèkfwamenm pwofesè yo paka touche pandan anpil tan. Tout bagay sa yo gen konsekans sou rezilta elèv yo.


Eske ou konnen se mwen, Alexandre Pétion, ki fè Lise Nasyonal kapital la nan lane 1816 ? Lise sa a se yon lise piblik, se non mwen li pote. Se mwen menm ki siyen premye kòmand objè syantifik yo tankou : liv, objè pou aprann fizik, pwodwui chimik, ak famasi ...



Jwe pou aprann

Nan lane 1860, gouvènman ayisyen an te siyen yon akò ak Vatikan ki te pèmèt plizyè kongregasyon fonde lekòl nan peyi a.

Fòk nou fin desine lekòl Ti Da ak Teyo a ! Relye pwen yo youn ak lòt.




Teyo – Lavil mwen prale

Pou timoun k ap viv andeyò yo, li pi difisil pou yo jwenn lekòl, ale wè pou yo jwenn lekòl ki bay bon kalite ledikasyon.


Nan bouk yo ak nan anvwon kapital la, prèske tout timoun yo enskri nan yon lekòl.

Anpil nan timoun ki andeyò yo paka ale lekòl paske lekòl sa yo twò lwen lakay timoun yo. Anpil fanmi pito voye timoun yo ale rete nan bouk oubyen nan kapital la. Sa fè ki lakòz anpil timoun kite paran yo ak lakay yo pou yo ale



Nan bouk: yon zòn andeyò kote ki gen anpil aktivite ak moun ki rete ladan l.

Ede Teyo jwenn manman !



Teyo – Lavil mwen prale



Se lavi pa m,
mwen ka di
sa m panse

Gen de lò granmoun yo pran desizyon ki pote gwo chanjman nan lavi w.

Menm si w se timoun, ou gen dwa di sa w panse, anndan klas ou oswa lakay ou. Granmoun yo dwe koute w e rekonèt opiyon w.

Men sa pa vle di se ou ki pral pran desizyon ; paran w gen dwa deside yon lòt bagay.

Granmoun yo konn pale di ak timoun. Men timoun yo tou gen dwa pou yo pale. Kisa ou ka reponn yon granmoun?

Sispann kriye

mwen gen dwa pou mwen chèche enfòmasyon

Ou poko ka fè adisyon sa a toujou ?

Ti fi ak ti gason egal.

Ti fi ak ti gason pa menm


Mwen gen dwa pou mwen kriye

Ou poze twòp kesyon

Mwen gen dwa pou mwen fè erè se konsa m ap aprann

Jwe pou aprann

Gen de lè li pi fasil pou ekri pase pou pale. Nan espas sa yo ou ka ekri sa ou anvi di san w pale.



E ou menm ?

Sa rive w pou ou viv yon sitiyasyon tankou sa Teyo viv la ? Èske ou konnen yon moun ki t ap viv konsa ? Eske ou te santi laperèz, kè sere, kòlè, oswa tout ansanm ?

Se dwa w pou yo ba ou bon jan enfòmasyon sou sa k ap pase, pou ou poze kesyon epi mande esplicasyon.

Jwèt pou ou!




Men on ti jwèt kote ou ka enpwovize.

Apati kèk sèn, m ap mande w pou ou imajine yon istwa diferan oswa plisye istwa, jan ou vle. Ou kapab envante rès istwa a pou chak pèsonaj poukont ou oubyen ak zanmi w. Ann ale !

Sèn 1

Teyo ak manman li kanpe devan kabann Teyo a. Manman Teyo wè l ap kriye, li pral eseye konsole li.



Sèn 2

Grann Teyo vini di l li prale Pòtoprens. Papa l ak manman l ba li tout espikasyon. Teyo ale di zanmi l yo li prale. Chak zanmi di l yon pawòl pou akouraje l, epi ba li yon ti konsèy.



Sèn 3

Nan klas la, lè tout moun fin tande Teyo, lòt timoun yo leve rakonte premye jou lekòl yo, epi kisa yo espere fè demen.

Jwe pou aprann

Kounye a, ou byen konnen istwa dwa moun!



DIPLOME
DE CONNAISSEUR DES
DROITS HUMAINS

Ceci certifie que

.....
Est expert en droits humains

Délivré à Port-au-Prince le

Edité par le chaire des droits humains

Teyo – Lavil mwen prale



Edwige Danticat, gwo ekriven nou an ap rakonte nou istwa li lè li te piti.

Youn nan souvni lontan mwen genyen se mwen pa t ak manman m. Mwen te gen 4 lane lè manman m te kite Ayiti pou li ale jwenn papa m. Papa m te pati 2 lane anvan nan peyi Etazini, li t ap kouri pou diktati ak lamizè. Manman m te kite mwen menm ak ti frè mwen lakay tonton m ak matant mwen pou yo te kapab pran swen nou, pandan yo t ap enstale yo nan peyi Etazini.

Jwe pou aprann

Jou pou manman m te pati a, pandan li prale pou li monte avyon an, mwen makonnen ponyèt mwen nan pye li.

Se ak dlo nan je li, li te panche pou l retire men mwen nan pye l pou tonton m te kapab pran m. Ti frè m li menm te lage kò l atè ap rele. manman mwen ale byen rapid pandan li t ap kache figi li nan men li paske li t ap kriye ; li pa t gen kouraj vire gade dèyè. Nou vin wè li apre twa lane.

Nou ka panse paran ki kite pitit yo nan men lòt moun pa renmen pitit yo menm jan ak sila yo ki pa viv separasyon.

Lè mwen vin pi gran, mwen te mande granmoun mwen yo poukisa se chwa sa a yo te fè. Yo te di m sa mwen te konnen deja, yo te aji konsa nan enterè mwen ak frè m yo, menm si desizyon te rache kè nou.

Istwa pam sanble anpil ak istwa naratè bèl ti liv sa, Teyofil kontè. Manman m ak papa m te fè chwa difisil pou yo te separe avèk nou. Mwen menm jodi a ki se yon manman, mwen konprann poukisa desizyon sa a te di pou yo. Men dapre yo, se te sèl solisyon. Menm jan ak Teyo, mwen pa t konnen sa ki t ap pase nan tèt granmoun yo. Yo pa t janm di m anyen. Sa te banm anpil traka lè manman m te pati. Mwen te sezi wè li pa mennen nou ak li. Menm si mwen pa t janm gen dout sou lanmou manman m ak papa m, silans yo te vin rann sitiyasyon an twoub.

Teyo – Lavi mwen prale

Chans pou mwen, menm jan ak Teyofil, mwen te rive rakonte istwa mwen, e mwen te gen anpil chans jwenn moun tande m. Pandan m ap li liv sa a, mwen te santi m tankou youn nan ti zanmi klas Teyo yo epi mwen te anvi ba li yon akolad. Mwen te renmen tou jan istwa a te fini. Sakrifis yo ak chwa lavi a difisil anpil, men lapawòl kapab bay gerizon, responsablite ak enspirasyon. Istwa sa a gen pouvwa pou li geri ak bay enspirasyon ak tout jenn k ap viv yon sitiyasyon ki parèy.

Se ak lapenn yon fanmi blije kite pitit li ale poutèt lekòl, travay ou menm pou kite peyi a. M espè ke menm jan ak Teyofil kontè, yon jou, okenn timoun p ap blije kite fanmi yo ak kote y ap viv la pou yo ka al aprann ak jwenn travay. Paske jan Teyo aprann li, timoun yo pa fèt pou yo grandi sèlman nan sakrifis, men nan fanmi yo ak nan kominite ki renmen yo, k ap pran swen yo epi k ap ba yo lespwa ak lajwa.

Sylvie COICOU MERIDA



Mwen fèt Pòtoprens, papa m se ayisyen et manman m se kolonbyen. Mwen grandi Ayiti jiskaske mwen vin gen 18 lane. Apre bakaloreya, mwen pati nan peyi Lafrans, nan Pari pou mwen al nan inivèsite. Jounen jodi a mwen marye, mwen gen de pitit e mwen toujou ap viv nan peyi Lafrans. Malgre sa, Ayiti toujou sou kè m, mwen tounen vin vizite souvan. Mwen kontan patisipe nan yon pwòjè k ap fèt pou timoun Ayiti. Mwen te pran anpil plezi pou ekri istwa Teyo ak TiDa, m espere w ap pran plezi pou li yo tou !

Rosele HENRIQUEZ

Non atis mwen se “Rosieh”. Mwen fet Okap, men m ap viv Potoprens. Lè mwen te timoun, kou desen se te moman prefere m nan klas, mwen te komanse ap desine ti istwa pou moun nan fanmi m. Lè mwen fin pase bakaloreya, mwen te ale nan ENARTS pou mwen te aprann A plastik ak ilistrasyon. Kounye a mwen granmoun, mwen fe ilistrasyon ak grafis pou mwen ka bay mo yo yon sans. Vini wè desen m yo sou rosieh.com, ou ka vini desine tou sou vininoudesine.club epi suiv mwen sou rezo sosyo yo sou [@rosiehrosieh](https://www.instagram.com/rosiehrosieh).



EGALEGO

nou tout gen menm dwa

(EGALEGO) Liv sa a reyalize nan kad pwojè « Accès à la justice et lutte contre l'impunité en Haïti (AJULIH) », yon pwojè òganizasyon Avocats Sans Frontières Canada (ASFC) reyalize nan patenarya ak Fondasyon Konesans ak Libète (FOKAL), gras ak sipò gouvènman peyi Kanada atravè Affaires Mondiales Canada. Liv sa a pa pou vann

Tèks : Sylvie Coicou Merida

Ilustrasyon : Rosèle Henriquez

Grafis : Ralph Dupoux

Temwayaj : Edwidge Danticat

Tradiksyon : Nadine Mondestin, Jenny Cadet

Kowòdinasyon : Carine Schermann, Jonathan Pérodin, Elizabeth Pierre-Louis

Konsiltasyon : Dona Roy Heurtelou, Mehdi Chalmers, Jacqueline Baussan, Danièle Magloire, Dominique Gaetjens, Clivia Isaac

Lekòl : Cours Privés Edme, Ecole Sainte Thérèse de l'enfant Jésus, Collège l'humanisme, Ecole j'apprends.



Fondasyon konesans ak libète
Fondation connaissance et liberté



ISBN 978-99970-979-8-9



9 789997 097989 >

Dépôt légal : 22-01-021

Bibliothèque Nationale d'Haïti

ISBN : 978-99970-979-8-9

1er trimestre 2022